



Pou Piblikasyon Imedya: 30/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN INOGIRASYON KONFERANS 'PA GEN PLAS POU RAYISANS NAN ETA NOU AN' LAN, GOUVÈNÈ CUOMO PWOPOZE 25 MILYON DOLA ANPLIS KÒM FINANSMAN SIBVANSYON SEKIRITE POU ÒGANIZASYON KI VILNERAB AK KRIM RAYISANS YO

Gouvènè Pwopoze Etann Elijibilite pou Finansman Sibvansyon Sekirite pou Ajoute Tanp Adorasyon yo

Li Konvoke Ekspè Pwoteksyon ak Sekirite Piblik yo nan Sant Konvansyon Javits lan pou Ede Lidè Kominotè ak Relijye yo Pwoteje yo Kont Krim Rayisans epi Aksede ak Finansman Sibvansyon an

Li Baze sou 45 Milyon Dola nan Finansman Sibvansyon ki Disponib lan pou Pwoteje Enstitisyon ki baze sou lafwa ak kiltirèl ki anba Risk Krim Rayisans

Aprè vwayaj li a nan Polòy kote li te patisipe nan evènman komemorasyon 75yèm anivèsè liberasyon Auschwitz-Birkenau lan, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pwopoze jodi a nan kad Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2021 li an yon 25 milyon dola anplis kòm finansman sibvansyon sekirite pou òganizasyon ki vilnerab ak krim rayisans yo. Gouvènè a te pwopoze tou etann elijibilite pou sibvansyon sekirite sa yo pou ajoute tanp adorasyon yo.

Gouvènè a te fè anons sa yo jodi a nan inogirasyon konferans sibvansyon sekirite "Pa Gen Plas pou Rayisans nan Eta nou an (No Hate In Our State)" nan Sant Konvansyon Jacob K. Javits (Jacob K. Javits Convention Center) lan nan Manhattan, kote li te konvoke plis pase 600 lidè kominotè ak klèje a ansanm ak ofisyèl pwoteksyon piblik Eta a ak ekspè sekirite yo pou diskite pi bon pratik pou kenbe kominote yo an sekirite epi aksede ak finansman sibvansyon an.

Anons sa yo fonde sou 45 milyon dola kòm finansman sibvansyon ki disponib pou ede òganizasyon ki vilnerab ak krim rayisans yo sekirize ak pwoteje etablisman yo a. Yo rann finansman an disponib atravè de Demann pou Aplikasyon (Requests for Applications, RFA) yo anba twazyèm faz [Pwogram Sibvansyon Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans \(Securing Communities Against Hate Crimes Grant Program\)](#) anblematik la.

"Zak meprizab entolerans yo nan Eta nou an ak nan peyi nou an repiyan ak prensip nou yo, epi nou dwe rete ini nan solidarite pou kondane vag rayisans kwasan sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Yon atak sou youn nan nou se yon atak sou nou tout. Responsabilite prensipal Gouvènman an se asire pwoteksyon piblik, epi nouvo efò

agresif sa yo pral bay enstitisyon relijye ak kiltirèl yo sipò yo bezwen pou pwoteje yomenm epi kenbe kominote yo a an sekirite."

Nan konferans inik "Pa Gen Plas pou Rayisans nan Eta nou an", ekspè pwoteksyon ak sekirite piblik Eta a te fòme lidè ki soti nan òganizasyon relijye ak sa ki pa gen bi likratif yo sou fason pou ranfòse enfrastrikti sekirite yo ak fason pou aksede ak finansman ki disponib lan. Fòmasyon yo te gen ladan pi bon pratik pou enstitisyon pou kenbe moun an sekirite, gen ladan evalyasyon risk, reponn ak ensidan ijans yo, kreye yon plan aksyon, limite antre nan etablisman yo epi ogmante ekleraj eksteryè yo.

Depi Gouvènè Cuomo te kreye li an 2017, [Pwogram Sibvansyon Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans](#) lan, ke yo administre atravè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) lan, bay finansman pou ranfòse mezi sekirite yo epi anpeche krim rayisans kont gadri ki pa gen bi likratif yo, sant kominote ak mize kiltirèl yo ki gendwa vilnerab akòz ideyoloji, kwayans oswa misyon yo. Depi kòmansman pwogram lan, yo te sipòte plis pase 500 pwojè konsa pou 25 milyon dola nan finansman Eta a.

Estatistik sou krim rayisans yo endike yon vag antisemitis ak krim rayisans kont kominote jwif la, nan nivo nasyonak ak nan New York. Apeprè mwaye nan tout krim rayisans yo nan New York pandan kèk ane ki pase yo te fèt kont kominote jwif la. Resaman, yon moun te envayi lakay yon raben epi li te atake adoratè yo avèk yon manchèt pandan selebrasyon Hanukkah a nan Monsey, li te voye senk moun lopital. 27 oktòb 2018 la, fiziyad an mas nan Sinagòg Tree of Life nan Pittsburgh ak atak laterè resan nan yon mache kosher nan Jersey City, New Jersey, kote yon Yeshiva lokal ak lekòl katolik te fè fas ak yon fiziyad, souliye bezwen pou pwoteje enstitisyon jwif yo kont ekstremis ak antisemitis vyolan.

Anba premye RFA pou finansman ki disponib aktyèlman an, 25 milyon dola nan finansman sibvansyon atravè Pwogram Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans disponib pou lekòl yo, gadri ki pa gen bi likratif yo, sant kominote yo, mize kiltirèl ak kan rezidansyèl yo pou ranfòse etablisman yo, ni andedan ni deyò, fè amelyorasyon sekirite fizik ak sipòte fòmasyon sou sekirite. Òganizasyon yo ki jere plis pase yon etablisman gendwa soumèt yon aplikasyon pou chak etablisman ki elijib, jiska senk aplikasyon pou yon demann total maksimòm 250,000 dola pa òganizasyon. Sibvansyon yo bay jiska 50,000 dola finansman anplis pou fòmasyon sou sekirite, kamera, ranfòse pòt yo, amelyore ekleraj, teknoloji modèn ak lòt modènizasyon sekirite nan chak etablisman ki kalifye yo.

Anba dezyèm RFA ki disponib aktyèlman an, 20 milyon dola kòm finansman sibvansyon atravè Pwogram Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans pou Lekòl ak Kan Jounen yo disponib pou sipòte menm kalite pwojè ak efò yo nan lekòl ki pa piblik yo ak kan jounen ki pa gen bi likratif yo.

Yo pa kapab finanse menm pwojè a nan konbine fon ki soti nan Pwogram Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans ak Pwogram Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans pou Lekòl ak Kan Jounen yo.

Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Patrick A. Murphy te deklare, "Kòm Nouyòkè, divèsite ak respè pou lavi moun fondamantal pou prensip nou yo epi nou pap tolere kèlkeswa moun ki ap aji pou entimide nou avèk rayisans ak laperèz. Gras ak lidèchip Gouvènè Cuomo, enstitisyon ak òganizasyon ke kwayans yo kapab rann yo yon sib pou zak rayisans yo pral gen aksè ak resous ki nesèsè pou ranfòse etablisman yo a epi pwoteje yo kont kèlkeswa moun ki ap chèche fè yo mal".

Sekretè Eta a Rossana Rosado te deklare, "Divèsite se sa ki rann Eta New York solid, epi tout Nouyòkè merite santi yo an sekirite nan kominote yo a. Lè nou bay resous enpòtan pou ede popilasyon ki pi vilnerab nou yo epi rasanble ansanm lidè kle yo, Gouvènè Cuomo ap kontinye montre wout la nan repann yon mesaj ki solid epi ki klè ke nou pap tolere diskriminasyon nan New York".

Michael Kopy, Direktè Jesyon Ijans NYS, "Nou konnen ke fòmasyon, kominikasyon ak preparasyon fondamantal lè nou gen afè ak sitiyaasyon ijans, epi sibvansyon sekirite kont krim rayisans sa yo pral ede òganizasyon ki pa gen likratif yo sekirize etablisman yo epi kenbe sitwayen yo an sekirite. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman li nan ranfòse resous sa a epi asire ke New York pral kanpe epi konbat chak fwa nou konfwonte ak rayisans".

Komisè Lapolis Eta New York la, Keith M. Corlett te deklare, "Konferans sa a pral pèmèt Lapolis Eta a fè patenarya ak lidè kominote yo, ansanm ak fòs aplikasyon lalwa yo, pou pi byen anpeche ak ankete sou krim rayisans yo. Sekirite sila yo nou ap sèvi yo se priyorite prensipal nou. Ansanm, nou pral travay pou pwoteje sila yo ki pi vilnerab epi ki anba risk pou kalite krim sa yo".

Sibvansyon Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans ak Pwogram Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans pou Lekòl ak Kan Jounen yo se yon pati nan yon gwo efò Gouvènè Cuomo te lanse pou konbat krim rayisans nan New York. Bidjè Eta pou Ane Fiskal 2018 lan te etabli Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisans nan Lapolis Eta New York (New York State Police Hate Crimes Task Force) toupatou atravè Eta a pou prevni ensidan menas, asèlman, ak vyolans ki baze sou prejije yo nan New York. Nan kad Fòs Entèvansyon an, Lapolis Eta New York, Divizyon Dwa Zimen (Division of Human Rights, DHR) ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services), angaje ajans fòs lòd lokal yo ak lidè konte yo, distri lekòl yo ak lòt aktè kle yo epi travay pou idantifye epi ankete sou krim ki genyen rayisans kòm motivasyon ak tandans ki baze sou prejije, vilnerablite kominote yo ak pratik diskriminatwa yo.

Semèn pase a Gouvènè Cuomo te prezante lwa sou teworis nasyonal ki se premye nan nasyon an ki mande pou chak etidyan vizite yon mize ki kouvri sijè ki gen rapò ak Olokòs la nan kad yon kourikoulòm edikasyon sou divèsite ak tolerans nan bidjè Ane Fiskal 2020 an. Gouvènè Cuomo pwopoze tou agrandi Mize Olokòs (Holocaust Museum) New York la nan Vil Battery Park.

Epitou, Gouvènè Cuomo te etabli yon liy telefòn ak tèks ijans ke Nouyòkè yo ta dwe rele si yo fè eksperyans prejije oswa diskriminasyon. Nimewo telefòn lan se [1-877-NO-HATE-NY](tel:1-877-NO-HATE-NY) epi liy ijans lan ouvri.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)